Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 24 (9932) 23 июнь 2023 с. / Рузман, 5 Зуль-хIиджа/ 1444 с. / багьа - эркенаб redakciya-chapar@mail.ru

# Поздравления

## *Уважаемая молодежь района!*




Сердечно поздравляем вас с замечательным праздником молодости - Днем молодежи России!

Именно вы - молодые завтра возьмете на себя всю ответственность за нашу малую родину, ее дальнейшее развитие

Пусть на пути к жизненному успеху вам помогает пример старшего поколения, его опыт и мудрость, пример мужества и отваги наших ребят, которые сегодня защищают интересы государства в зоне боевых действий на Украине.

Желаем всем крепкого здоровья, счастья, благополучия, неиссякаемой любви к Родине, удачи во всех начинаниях, а тем, кто находится в зоне проведения СВО, скорейшего возвращения домой с победой!

***Глава МР «Казбековский район» Г.Г.Мусаев***
***Председатель районного собрания депутатов Г.М.Гирисханов***

---

## *Уважаемые казбековцы!*

*Курбан -Байрам, символизирующий торжество духа и нравственную чистоту, воплощает в себе благородные идеалы ислама - веротерпимость, любовь к ближнему, заботу и милосердие ко всем.*




Поздравляем вас с праздником Курбан - Байрам!

В этот светлый праздник желаем всем вам здоровья, счастья и достатка в семьях, благополучия, успехов во всех ваших добрых начинаниях и делах.

***Глава МР «Казбековский район» Г. Г. Мусаев***
***Председатель Собрания депутатов Г. М. Гирисханов***

Поздравляю всех земляков со священным праздником Курбан-Байрам! От всего сердца желаю вам благополучия.

Пусть все ваши молитвы будут услышаны, а наградой за милосердие, самоотверженность станут крепкое здоровье и достаток в доме.

***Депутат НС РД М.-п. Д. Умаханов***

## *Диналъул вацал ва яцал!*

РакI-ракIалъ баркула нужеда Къурбан къо! Гьарула нужее щулияб сахлъи, халатаб ва ракълилаб гIумру. Аллагьас къабул гьареги нилъеца гьабураб гIибадатги кьураб садакъаги.

***Районалъул имамзабазул Советалъул председатель МухIамадрасул МухIамадгъазиев***

## *ХIурматиял районцоял!*

Баркула киназдаго Къурбан-байрам! Гьарула нужее сахлъи,рохел, талихI ва гьарулел лъикIал ишазулъ битIккей. Аллагьас къабул гьареги нилъер гIибадатгун садакъа.

***ЖамгIияб палатаялъул председатель ХI.А. Адимирзаев***
***Харабазул Советалъул председатель С.Э. НургIалиев***
***Рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъул председатель Х.ГI. МухIамадхIабибов***

# Аппаратальул данделъиялда




20 июналда районалъул администрациялда тIобитIана аппаратальул иргадулаб данделъи.

Районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана администрациялъул, учреждениябазул, организациябазул жавабиял хIалтIухъабигун росабазул бутIрул.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукIана цифрабаздалъун информация кьеялъулъе ведомствоялъулал гIуцIаби цIаялъулъ ругел хIасилазда, лъималазул сахлъи цIуниялъул риидалил кампания тIобитIиялда, рагъулаб хъулухъалде гIолилал ахIиялъул компаниялда ва районалъул территориалияб планированиялъул схема хIадуриялда хурхарал суалал.

ТIоцебесеб суалалда тIасан кIалъазе вахъарав информационниял технологиябазул отделалъул начальник Мавлидин Хизриевас бицана рехсараб суал тIубазабиялда сверухъ бугеб ахIвал-хIалалъул, ругел церетIеязул, дандчIвалел захIмалъабазул ва цере чIарал масъалабазул.

Гьелда хурхун, гьабураб тIасан кIалъаялда ХI. Мусаевас абуна: *«ХIажат буго киналниги гIуцIабазул жавабиял хIалтIухъабазда, цифрабазулаб технологиялдалъун информация кьеялъул суал жеги гъваридго бичIчIинелъун, семинар-совещание тIобитIизе»,-ян.*

КIиабилеб суалалда тIасан кIалъазе вахъарав лъайкьеялъул управлениялъул начальник МухIамадрасул МухIамаевас гьениб бицана лъималазе риидалил каникулазда хIухьбахъи гьабиялъе ресал чIезариялъул бугеб кIваралъул, гьелъие районалда тIоритIулел тадбиразул, гьеб рахъалъ хасаб кIвар СВОялъулъ гIахьаллъулезул, гIумрудулъ захIмалъаби дандчIварал хъизабазул, бесдаллъуда хутIарал лъималазде буссинабун букIиналъул, хIухьбахъи гьабиялъе чIезарун ругел шартIазул, къаде хIухьбахъиялъе бищунго районалда чIахIиял Дилим ва Ленинаул росабазул школазда лагерал гIуцIун рукIиналъул.

Гьес абуна: *«Нижеда цебе чIараб аслияб масъалалъун букIана араб соналдаса нахъе ккечIеб къадар лъималазул хIухьбахъиялъулъе рачинги гьелда тIад харж цIикIкIине биччангутIиги. Гьеб макъала бетIералде бахъинабиялъе план гIуцIулеб заманалда нижеца кьочIое босана районалъул администрациялъул «2023 соналъ районалъул лъималазулгун гIолилазул хIухьбахъиялъе гьаризесел тадбирал» №41 Постановление. Гьеб план бетIералде бахъинабиялъе нижеца рихьизаруна заман, бакIал, хасал гIадамал ва цогидаб хIажатабщинаб.*

*Цоги, жиб-жиб бакIалда лъималазе хIухьбахъи гьабиялъе ругел шартIалги, узухъда,нижеца хIисабалде росун руго. Гьелде тIадеги, нилъер лъималаз хIухьбахъи гьабизе буго район тун къватIирехун ругел лагераздаги. Гьезда гьоркьор руго «Каскад» (Гъуниб), «Орбита» (Буйнахъск) районазул ва цогидалги лагерал. Щибаб лагералъул руго бакIазда лъикIаб хIухьбахъи гьабиялъе гIуцIарал планал. Бищунго цIикIкIараб кIвар жидеде буссинабурал тадбираллъун лагеразда рукIине руго гьудул- гьалмагълъиялъул, вацлъиялъул бухьенал щула гьариялда, ВатIанаалде рокьи бижинабиялда ва патриотикияб тарбия кьеялда хурхарал тадбирал»,-ан.*

*Гьесул кIалъаялда хурхун, районалъул бетIерас абуна: «Узухъда, лъималазе хIухьбахъиялъе шартIал чIезари цIакъ лъикIаб иш буго, амма кIочене бегьуларо гьезул гIумруялъе хIинкъигьечIолъи чIезаби аслияб рахъаллъун кколеб букIин»*,-ан.

Армиялде гIолилал ахIиялъул ихдалилаб кампания тIобитIиялда тIасан кIалъай гьениб гьабуна жамгIияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель Басир Нуцаловас.

Гьес бицаралъухъ гIинтIамун ХI. Мусаевас абуна: *«Хабарал руго нилъер гIолохъаби цогидал бакIаздасан армиялде унел ругин. Гьеб ккола нилъер гIайиблъунги, бичIчIенкьеялъул хIалтIи гIейгьечIеблъун букIинги.*

*Умумулгунги гIолилалгунги рагIа-ракьанде щвараб хIалтIи гьабулеб букIарабани, гьедин букIине рес букIинчIо»*,-ян.Ункъабилеб суалалда хурхараб кIалъай гьениб гьабуна архитектураялъулгун бакIал раялъул ва ЖКХялъул отделалъул начальник ХIамзат ХIадаевас.

Гьес абуна жидер отдел хIалтIулеб бугин росабазул генералиял планал бетIералде рахъинариялда тIад, бачIунеб соналъ гьел Гъозтала ва Гертма росабазе хIадуризе ругин.

Гьесул кIалъаялда тIасан ХI.Мусаевас абуна: *«Генералиял планал хIадур гьечIони, росабалъ кинал рукIаниги хIалтIаби тIоритIизе кIоларо (газ,ток рачин, бакIал рай, лъим бачин ва гь.ц.), гьелъ планал гIуцIиялъул суаплал хехго бетIералде рахъинаризе ккола»*,-ян.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал киналниги суалал рича-чвана ва рекъон кколел хIукмаби гьаруна.

***МухIамад-Шарип ГIабдулашимов***

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула

гъум. 2 Армиялде ахIиялъул кампания

гъум. 3 ЗахIматаб сапар букIаниги...

гъум. 4 ОМВД информирует

Армиялде ахIиялъул кампания – 2023

# ГIолилазе нухал ритIаги

Нилъеда лъала ахириял соназ улкаялъул рагъулаб къуват цIикIкIинабиялде, рагъухъабазул махщел букIине кколеб даражаялде бачиналде Россиялъул Президент В.В. Путиница кьолеб бугеб кIвар. Гьедин гьабизе ккелареб букIун батила БакътIерхьул церетIурал пачалихъазе нухмалъулез, щиб гьабунги, СССРго гIадин,Рос-



сияги биххизе хIаракат бахъулеб гьечIебани. СССРалъул заманалда рагьун нилъеда щибниги абизе кIолареб букIун батани, рехсарал пачалихъаз гьанже Россия бихxи жидер мурад букIин бахчулебго гьечIо.

Гьелъ, улкаялъул бетIерлъиялъ кIудияб кIвар кьолеб буго армиялде гIолилал ахIиялде, кьолеб буго гьеб нилъер районалдаги.

Ахиралде щолеб бугин абизе бегьула армиялде ахIиялъул ихдалилаб кампания. 16 июналда нилъер ва Гумбет районазул гIолилалазул ирградулаб къокъа рагъулаб хъулухъалде тIобитIана. Полилаздехун ва гьел нухда тIоритIизе рачIарал гIага-божараздегун гьудулзабазде гьабулеб хитIабалда рагъулаб комиссариаталъул армиялде ахIиялъулгун гьенире ритIиялъул отделалъул начальник АхIмад АтавхIажиевас Уставалъул ва гIадлу-низам цIунизе ккеялъул бицана. РакIбацIцIадаб хъулухъги мустахIикъаб къагIидаялда борчги тIубан, нахъруссине хъван батагиянги гьарана. Гьединго, гьес армиялде унел гIолилал хасаб рагъулаб операциялде ритIизе гьечIиланги абуна.

# ГIолилал рагъулаб хъулухъалде ахIиялъул дандчIвай

*«Чапар»* газеталъул цебесеб номералда хъван букIана, къотIи-къаялдалъун, рагъулаб хъулухъалде гIолилал рачиналда, гьеб хъулухъалъул ихдалилаб кампания тIобитIиялда, гъваридго, гьелъул магIна бичIчIинабиялда хурхараб макъала.

Гьедин букIиналъ, дагьал церегIан къояз районалъул администрациялъул бетIерасул жамгIияб хIинкъигьечIолъи чIезабиялъул рахъалъ заместитель Басир



Нуцаловги, районалъе нухмалъулесул кумекчи ГIабдулмутIалиб ЖабрагIиловги, нилъергун Гумбет районазул рагъулав комиссар Арсен МухIамадовги ИчкIа росдал жамагIаталъул вакилзабигун дандчIвана.

Гьениб бицен ккана, къотIи-къайги гьабун, рагъулаб хъулухъалде иналъуль ругел тIокIлъабазул, бигьалъабазул ва гьединазе, хIукуматалъул рахъалдасан, гьабулеб кумекалъул хIакъалъулъ.

Гьединабго дандчIвай 21 июналда тIадехун рехсарал гьалмагъзабаз Хубар росулъги тIобитIана. Гьай- гьай, рехсаралго гIадинал, дандчIваял районалъул цогидал росабалъги тIоритIизе руго.

---

Гьал къояз, заманалъ рагъулаб хъулухъалдаги вукIун, тIадвуссарав Дилималдаса ГIабдула МухIамадрасуловас бицана: *«Рагъулаб хъулухъалде дир рокьи бижизабуна кIудияв эмен Мухтар МухIамадрасулов гIемерал соназ школалда военруклъун хIалтIулев вукIараблъиялъ ва эмен Аюбица чанго соналъ районалъул СОГалда хъулухъ гьабиялъ.*

*ТIоцеве гьеб хъулухъалде ккарав дир, цогидазулги гьединабго пикру букIун батила, ракIалде ккана «Киве дун ккарав, щиб хьвада- чIвади лъаларел гIадамазда гьоркьоб дица гьабизе кколеб?»-ан абураб пикру. Дир рагъулаб хъулухъалде, кинаб букIаниги, хIадурлъи букIинчIо, амма дие гьеб хъулухъалде ине бокьун букIана. Гьелъги батила, гьеб хъулухъалъулъе лъугьине дие захIмалъичIеб. Армиялда хъулухъ гьабиялъ дун гIумрудул захIмалъаби къезаризе ругьун гьавуна. Къокъгьабун абуни, армиялъ чиясулъ бихьинчилъи куцала. Рагъулаб махщел бищизе бокьаразе цо лъагIелалъ хъулухъгьаби гIунги тIокIаб буго. КъотIи-къайги хъван, рагъулаб хъулухъалде ахIиял гьенир руккуна, амма гьел тIадаллъун кколаро.*

*Ахиралда дица абила, нилъ лъикIаллъун ругони, нилъгунги лъикI рукIуна»*,- ян.

***МухIамадгIазиз ХIамидов***

# МустахIикъаб къимат кьуна

Дагъистаналъул гIемермиллатазулаб маданият цебетIеялде кIудияб кIвар кьола республикаялъе ва районалъе нухмалъулез. Гьелъул мурадалда МахIачхъалаялда *«Культурияб цолъи ва Россиялда Дагъистаналъул гIисинал халкъазул тайпаби»* абураб гIолилазул форумалъул батIи-батIиял тадбирал тIоритIана.



Гьенир жигараб гIахьаллъи гьабуна нилъер районалъул культураялъул Централъул хIалтIухъабазги. *«Пададатазул гьурмал»* абураб Республикаялъул фольклориял коллективазул цереpахъиназда *«Арбабаш»* къокъаялъ бихьизабуна

*«Миллияб ретIел ретIарай ясикIо»* абураб выставкаялда цере лъуна Централъул бетIерай специалист Алана Дадаева-Кардантыл жиндирго квераз гьарурал гIажаибго берцинал ясикIаби.

Нилъер махщелчагIазе балагьараз ва проекталъе нухмалъулез мустахIикъаб къимат кьуна. Гьединго культураялъул министерствоялъул дипломаздалъун кIодо гьаруна.

# Махщелчилъиялъул байрамалда

Июнь моцIалъул лъабабилеб гIодобкъоялъ, кидаго гIадин, улкаялъ кIодо гьабуна медицинаялъул хIалтIухъабазул байрам. Гьелда хурхун, районалъул Централияб больницаялда рохалилаб дандеълъи тIобитIана.



Тохтурзабазда, медсестрабазда, фельдшеразда ва цогидалги медицинаялъул хъулухъалъулазда, районалъул бетIер ХI.Мусаевасул рахъалдасан, байрам баркана администрациялъул бетIерасул тIоцевесев заместитель И.И.Шабазовас, депутатазул Собраниялъул председатель ГъирисхаН Гъирисхановас, администрациялъул аппараталъе нухмалъулей Марьям-Асият ХIамзатовалъ ва ЦРБялъул бетIерав тохтур Рашид Памиевас.

Гьенибго гIемерал соназ ракIбацIцIадго гьабураб хIалтIухъ, унтараздехун бугеб гурхIел-рахIмуялъулаб бербалагьиялъухъ ва махщелчилъиялъул байрамалъул хIурматалда , районалъул администрациялъул ва депутатазул корпусалъул рахъалдасан, ЦРБялъул цо чанго хIалтIухъан ХIурматалъул грамотабаздалъун кIодо гьаруна.

Гьединго, байрамалда хурхун, лъазабун букIана *«Медиказе баркала»* абураб ТIолгороссиялъулаб акция. Районалъул культураялъул хIалтIухъабаз жигараб гIахьаллъи гьабуна гьеб акциялъулъ. Гьелъул мурадги букIана медицинаялъул хIалтIухъанасул ишалъул кIвар бихьизаби, гьезул байрамалъулаб рохел гIахьал гьаби. Гьел киналго росабазул медицинаялъул пунктазде сайгъат-саламгун щвана.

***Динара Батиева***

# ТIалаб-агъазалъул акцияби тIоритIана

Нилъеда лъала Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда гIумруялдаса ратIалъарал нилъер районалъул гIолохъабазул цIарал росабазул къватIазе кьолел ва гьезул цIарал рехсарал обелискал, ракIалдещвеялъул хъарщал ва цогидал игIланал чIезарулел рукIин.

Районалъул бетIер ХI. Мусаевасул бихьизабиялда рекъон, тIалаб-агъазалъулаб, хъулухъ гьезие гьабизе тIаде босулеб буго лъайкьеялъул гIуцIабазул жигарчагIицIалдохъабаз.

Гьедин, Калининаул росдал байбихьул ва Ленинаулалъул №1 гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабаз гьал къояз обелискалгун гьезда сверухъ бакIал рищни - къулалдаса рацIцIад гьаруна.

Гьел тадбирал тIоритIаразул биценазда рекъон, гьез квербакъизе буго гIолеб гIелалъе патриотикияб тарбия кьеялъе ва нилъер гIолилазул бахIарчиял ишал кIочонгутIиялъе.

*«Гьединал тадбирал цогояллъун гурел, зама-заманалда тIоритIулеллъун рукIине руго»*,-ян абуна акцияби гIуцIараз.

***«Салатавия» сеталъулаб издание***

*Инсан ва гӀумру*

# ХIалхьиялде аниги



Нилъер умумузул аби буго гIеч гъотIокье гурони бортуларин. Гьеб аби ритIухъ гьабула ИчкIа росулъа ГIабдулмуслим ГIабдуразакъовасул хъизаналда буго гьев ахIвал-хIалалъ.

Гьесул эмен(ж.м.ч.) Садикъ ГIабдуразакъов лъаларев чи чIахIияб гIелалда гьоркьов, я ИчкIа росулъ, яги районалъул росабалъ ватиларин ккола.КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчи,1-аб. группаялъул инвалид Садикъил керен гвангъизабун букIана 14 пачалихъиял орденазгун медалаз. Гьеб букIана ГIабдулмуслимица гIумрудул нух бищиялъе асливб гIиллалъуни.

Гьев гьавуна 1965 соналъ ИчкIа росулъ. Росдал гьоркьохъеб школаги лъугIизабун, гьев лъугьана Хасавюрт шагьаралъул №2 СПТУялде. ТIокIлъиялда гьебги лъугIизабун, 1983 соналъ гьес гIагараб колхозалда механизаторлъун хI алтIизе байбихьана.

1984 соналъ ГIабдулмуслим лъугьана Дагъистаналъул пачалихъияб институталъул къватIисел пачалихъазул мацIазул факультеталде. 1985 соналъ гьев Советияб Армиялъул мухъилъе ахIана. Гьев ккана Афгъанистаналде, хадусан - Тирасполалде.

Армиялдаса тIадвуссун хадув, гьев институталде тIадвуссана. 1990 соналъ гьебги лъугIизабун, ГIабдулмуслим ИчкIа росдал школалде ингилис мацIалъул мугIалимлъун тIамуна. 1992 соналъ мугIалимзабазул коллективалъ лъикIаблъун бихьизабуна гьев РОВДялъул мухъилъ хIалтIизе мустахIикъав вукIин.

Хадусан гьев участковияв инспекторлъун, уголовнияб розыскалъул начальниклъун, Дагъистаналъул гIорхъабазул управлениялъул инспекторлъун хIалтIана. 1996 соналъ гьес Ростов шагьаралъул тIадегIанаб милициялъул школа лъугIизабуна.

2002 соналъ ГI. ГIабдулмуслим чачаназул республикаялъул Шалинский районалъул милициялъул отделалде уголовнияб розыскалъул начальниклъун хIалтIизе тIамуна.

2004-2008 соназ гьев гьебго республикаялда Ведено районалъул милициялъул начальникасул заместительлъун хIалтIана. ГIабдулмуслимил нухмалъиялда ва гьесул гIахьаллъиялда ккуна ва тIагIинаруна Шамиль Басаевасул боевиказул къокъаялда гьоркьов вукIарав авлахъалъулав командир Сулайман Имурзаев ва цо чанго боевик.

Гьес гIумруялъе цIакъо хIинкъи бугеб хIалтIулъ рихьизарурал багьадурлъи ва рак1бац1ц1адал ишазе гIоло, Чачан Республикаялъул президентасул Указалдалъун, 2006 соналъ ГIабдулмуслимие *«Чачан республикаялда гьабураб мустахIикъаб хIалтIуе гIоло»* абураб меседил медаль кьуна.

2008 соналъ ГIабдулмуслимица Гъизилюрт районалъул ОМВДялда криминалияб милициялъул начальниклъун хIалтIизе байбихьана. 2012 соналъ гьев Ингушетия республикаялъул тахшагьар Магас шагьаралда полициялъул начальниклъун, 2014 соналъ Россиялъул МВДялъул Северияб Кавказалъул Федералияб округалъул террроризмалде данде кьеркьеялъул управлениялъул кIудияв уполномоченныйлъун тIамуна. Гьеб хъулухъалдаса ГIабдулмуслим хIалхьиялдеги ана.

Кив хIалтIаниги, ГIабдулмуслимица живго вихьизавуна цIубараб гIакълуялъул, бажари бугев командирлъун. Гьес гьарурал бахIарчиял ишазул, гьуназул хIакъалъулъ тIубараб тIехь хъвазе бегьула.

Гьелъие нугIлъи гьабула ГIабдулмуслимие щварал орденалгун медалаз ва цогидалги шапакъатаз. Советияб Армиялда, Россиялъул МВДялда хъулухъ гьабулеб заманалда ГIабдулмуслим мустахIикълъана 17 медалалъе ва 13 каранда балеб гIаламаталъе.

ГIабдулмуслим ккола ИчкIа росдал гуревги, тIолго районалъул чIухIилъун. ХIалхьиялде аниги, ГIабдулмуслим хIалтIи гьечIого чIечIо.Жиндиего бокьун, гьес Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъулъ гIахьаллъи гьабулеб буго. Гьенивги гьес живго хIинкъи гьечIев, бахIарчияв, таваккалав рагъухъанлъун вихьизавуна.

Дагъистаналъул бетIер Сергей Меликовасул Указалда рекъон, ГIабдулмуслим ГIабдуразакъов 2023 соналъул февралалда *«Дагъистан Республикаялъе гьабураб хъулухъалъухъ»* орденалдалъун кIодо гьавуна.

Гьесул вас ГIабдулаги СВОялъул гIахьалчилъун ккола. Гьенир ва цогидал бакIазда ккарал тунка-хIусиязда бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ гьев цо чанго медаладалъун ва каранда балеб гIаламаталдалъун кIодо гьавуна. ГIаблумуслимил цогидав вас Садикъ Смоленск шагьаралда бугеб рагъулаб академиялда цIалулев вуго.

# ЗахIматаб сапар букIаниги...

Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операция байбихьаралдаса гьенир нилъер гIолохъабазул гIезегIанаб къадар гIахьаллъулеб, гьезие гьоркьобкьотIи гьечIеб кумек гьабулеб букIинги, гьезда бокьор камиял ккараллъиги лъаларев чи нилъеда гьоркьов, узухъда, гьечIо. Кумек гьабиялде тIаде, районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевасдаса байбихьун, нилъер рагъухъабахъе щвезе гIезегIанал гIадамал щвараблъиги балъголъи гуро. Нилъер районалъул гIадамаз рагъухъабазе республикаялдасан гьабулеб кумекалъулъги кверчIвана.

ХI. Мусаевасул тIадкъаялда рекъон, Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялда гIахьаллъулел нилъер гIолохъабазе,кумекалъулаб къайи-цIа босун, 9 нухалда щвана.Гьелъул рахъ районалъул гIолилазги ккуна.

ЦIарги реццги рехсарал ишазулъ жигараб гIахьаллъи гьабурал тIолазего!

Нижеца хIаракат бахъула рагъухъабазул ишазул, гьезие гьабулеб кумекалъул хIакъалъулъ, гIатIидгьабун, хъвазе, хадусан гьедин гьабизеги буго.

Гьаб макъалаялда дие бицен гьабизе бокьун буго 6 нухалда Украиналде щварав волонтёр, Дилим росулъа МухIамадрасул ЛахIитовасул ва гьесул гьалмагъзаби-волонтёрал ТIагьир Пусмановасул, Айгуп Абужанатовасул, Юнус Пусмановасул, ХIасанхан Эмеевасул, Бисултан Юсуповасул хIакъалъулъ. Дун рехсарал гьалмагъзабигун дандчIвана. Ккараб гара-чIвариялда гьез бицана: *«Нижеда телефоназдаса лъана рагъухъабазе хIажалъи бугелъул хIакъалъулъ. Лъукъарал рагъухъаби раччизе «УАЗ»* автомашина босизе кумек гьабеян нижеца гьарана Россиялъул Пачалихъияб Думаялъул депутат Сайгидпаша Пумахановасде.

Гьес босараб *«УАЗ»* автомашинаялда рагъулаб форма, дараби, кванил нигIматалги къайи-цIаги лъун, ниж Мариуполь шагьаралде ана.

Украиналде гуманитарияб къайи-цIа щвезабизе сапар бухьин ккола захIматаб, гIумруялъе хIинкъи бугеб ишлъун. Гьелъухъ балагьичIого, Украиналде нилъер районалдаса волонтёрал цо чанго нухалда ана. Гьезул гьариялда рекъон, цIияб *«Нива»* автомашина босана Адам ПIамирилаевас, ва гьелда ГIиса Эсенаевас росарал кванил нигIматал щвезаруна Донецк шагьаралда ругел Дагъистаналъул рагъухъабазухъе. МухIамадрасул ЛахIитов, Бисултан Юсуповгун цадахъ, ЦIияб соналде Донецк ва Запорожье шагьаразда ругел рагъухъабазухъе кванил нигIматал хинаб ретIел ва цогидалги сайигъатал росун ана.



Апрелалда Украиналде бухьараб иргадулаб сапаралда гIахьаллъана МухIамадрасул ЛахIитов, ТIагьир Пусманов (*«Газель»*автомашинагун), Мурад МухIамадсагIитов, Айгуп Абужанатов, Маслин Абуязидов. Продуктал росана ГIиса Эсенаевас ва *«НЕО»* тукадул бетIергьанчи Шамиль ПатахIовас.

Ниж, гIарацги кьун, нухда регIана районалъул ополчениялъул штабалъул начальник Мусашайих ПIазаевас ва ополченцаз. Гьезго ритIана рагъухъабазе сайигъаталги. *«Нилъ цадахъ»* фондалдасан Ибрагьим Булатхановас хинал одеялалги кьуна.

Хасавюрт шагьаралда нижгун дандчIвана республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат Мухтарпаша Пумаханов. Гьес рагъухъабазе сайгъат гьабуна къаси бихьизе рес кьолеб алат, рагъухъабазул ретIел.

*Гьеб нухалда ниж Запорожье шагьаралде щвана»*,-ян.

Хадусан букIараб сапаралда тIадехун рехсарал волонтёралгун Артур ХIадаев (*«Газель»*), МухIамад Пусманов *(«Газель»)*, Мавлидин Мадаев ана. Гьез рагъухъабазе Дагъистаналъул Халкъияб фронталъ хIадурараб къайи-цIа, рациял, генераторал, биноклал, дараби, рагъулаб форма ва кванил нигIматал щвезаруна.

*«Волонтёраз Украиналда ругел рагъухъабазе гьабураб кумекалъ бихьизабула нилъеца гьезул рахъ кколеб букIин ва рагъухъаби нилъеда кIочон гьечIеблъи. Рагъухъабазулгун рукIарал дандчIваязда гьез гьарана, жидер рахъалдасан, ХIажимурад Мусаевасе, Сайгидпаша ва Мухтарпаша Пумахановазе, къайи-цIа бакIариялъулъ гIахьаллъарал тIолазего ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабеян. Гьезда бихьулеб бугоан жалго нилъеда кIочон гьечIеблъи»*,-ян бицана МухIамадрасулица.

Сапаралде рахъунезе гIураб къадаралда цIатари чIезабуна ПIумар Аштаевас ва ПIумар ГIабдуразакъовас.

*«Парцулаб кумек гьабуна нилъер районалъул ва Хасавюрт шагьаразул бутIрул ХIажимурад Мусаевас, Коргъоли Коргъолиевас, ОМВДялъул начальник Юнус Хайрулаевас, Казбек ва Гумбет районазул рагъулав комиссар Арсен МухIамадовас, ЦР-Бялъул бетIерав тохтур Рашид ПIамиевасги»*,-ян тIадеги жубана МухIамадрасулица.

Гьеб кинабго гьабураб хIалтIухъ МухIамадрасул ЛахIитов, ТIагьир Пусманов, Айгуп Абужанатов ва Бисултан Юсупов

*«Рагъулаб бахIарчилъиялъухъ»* абурал жамгIиял медалазе мустахIикълъана.

Украиналда тIобитIулеб хасаб рагъулаб операциялъулъ бугеб ахIвал-хIалги бихьун, М.-р. ЛахIитовасул ва ТI. Пусмановасул хIукму ккана, цо лъагIалие къотIи-къайги хъван,гьеб операциялда гIахьаллъизе ине.

***Ибрагьим Идрисов***

# Буртунаялда исламияб мажлис

Хириял пишабазул цояблъун гIелму цIали ва гьеб лъай ккола. Гьелда хурхун, нилъер районалда гIезегIанал тадбиралги тIоритIула. Гьезул цояблъун Буртунай росулъ (ГIалил вас ХIайбулал хIурматалда) тIобитIараб гIелмияб мажлис букIана.

Гьенибго тIобитIана рекIехъе Къуръан цIалиялъул ва кIудияв имам Ан-Нававил *«КIикъого хIадис»* тIехьалда тIасан гьарурал конкурсазда бергьарал кIодо гьариги.Гьеб конкурсалда гIахьаллъана мадрасазда цIаличIел, киналниги гIелазул 48 чи. Мажлис Къуръан цIалиялдалъун байбихьана.Росдал, имам Шамилил ва гьесул наибзабазул цо-цо тарихиял баяназул хIакъалъулъ гьениб Зайнудин Охъмазовас бицана.

Гьенив гIахьаллъарав районалъул имам МухIамадрасул ГъазимухIамадовас абуна: *«Биччанте, Аллагьас конкурсалда гIахьаллъаразулъ гIелму цIикIкIинабизе, тавфикъги къуватги кьеги гьезие гьеб лъазабизе ва гьелъул баракат нилъеегиги щваги»,-ян.* Гьенир кIалъаял гьаруна МухIамадсагит Сагитовас (исламиял гIелмабазул доктор), шейх ПумарасхIаб ПумалаевасХасавюрт шагьар).

Къуръаналъул 30 жуз рекIехъе бициналда (бихьиназда гьоркьоб) тIоцебесеб бакIалде Анас Абуев, кIиабилелдегун лъабабилеб бакIазде ХIамзат Мусаев ва ГIабдурахIман Жамалдинов рачIана. Руччабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакIалъе Аминат ПалисултановакIиабилебгун лъабабилеб бакIазе Марьям ГIалиева ва Фатима МухIамадова мустахIикълъана.

ХIадисал рекIехъе рициналъул конкурсалда (бихьиназда гьоркьоб) тIоцебесеб бакI Далил МухIамадовас, кIиабилебгун лъабабилеб бакIал Адам МухIамадовас ва ХIабиб Сутаевас росана. Руччабазда гьоркьоб тIоцебесеб бакI Зулайхат ХIажиевалъе, кIиабилебгун лъабабилеб бакIал Асият Аслановалъе ва Сулайбат Атановалъе щвана.

Конкурсалда тIоцебесеб бакI босаразе 30 аза- азар, кIиабилеб ва лъабабилеб бакIазде рачIаразе 20 аза-азар ва 15 аза-азар гъурущ рекъон кьуна. Мажлисалъул тIолалго гIахьалчагIиги аза-азар гъурущалдалъун кIодо гьаруна.

***ХIабиб МухIамадов, Буртунай росу***

## ПРОКУРАТУРА ИНФОРМИРУЕТ

### *Житель Казбековского района осужден за незаконное приобретение и хранение наркотических средств, в значительном размере без цели сбыта*

Казбековский районный суд вынес приговор в отношении местного жителя. Он признан виновным в совершении преступления, предусмотренного частью 1 ст. 228 Уголовного кодекса РФ (незаконное приобретение и хранение наркотических средств, в значительном размере без цели сбыта).

В судебном заседании установлено, что в 15 марта 2022 г. на КПП-23Д *«Инчха»*, расположенном при выезде из Казбековского района, в кармане куртки обнаружен и изъят полиэтиленовый пакет черного цвета, внутри которого находилось каннабис (марихуана), в высушенном виде массой 7,74 грамма, что является значительным размером, которое местный житель незаконно приобрел путем сбора листьев с куста дикорастущей конопли и хранил при себе для личного употребления.

С учетом позиции государственного обвинителя прокуратуры района, суд назначил осужденному наказание в виде штрафа в размере 15 тысяч рублей.

Приговор суда вступил в законную силу.

## ОМВД ИНФОРМИРУЕТ

### *"Малолеткам" все прощается — любимый довод старшего товарища, затягивающего несовершеннолетнего в криминальную среду*

В соответствии с частью 2 статьи 20 УК РФ "лица, достигшие ко времени совершения преступления четырнадцатилетнего возраста, подлежат уголовной ответственности за

убийство (статья 105),

умышленное причинение тяжкого вреда здоровью (статья 111),

умышленное причинение средней тяжести вреда здоровью (статья 112),

похищение человека (статья 126),

изнасилование (статья 131),

насильственные действия сексуального характера (статья 132),

кражу (статья 158),

грабеж (статья 161),

разбой (статья 162),

вымогательство (статья 163),

неправомерное завладение автомобилем или иным транспортным средством без цели хищения (статья 166),

умышленное уничтожение или повреждение имущества при отягчающих обстоятельствах (часть вторая статьи 167),

терроризм (статья 205),

захват заложника (статья 206),

заведомо ложное сообщение об акте терроризма (статья 207),

хулиганство при отягчающих обстоятельствах (часть вторая статьи 213),

вандализм (статья 214),

хищение либо вымогательство оружия, боеприпасов, взрывчатых веществ и взрывных устройств (статья 226),

хищение либо вымогательство наркотических средств или психотропных веществ (статья 229),

приведение в негодность транспортных средств или путей сообщений (статья 267)".

Ошибки юности могут испортить будущее. Судимость чревата ограничением прав человека в выборе работы, места учебы и других сферах жизни!

Нередко случается так, что подросток потерял свой сотовый телефон, деньги или другое ценное имущество, либо продал, а вырученные деньги проиграл на автоматах или купил какую-нибудь безделушку. Признаться родителям в этом он не решается по самым разным причинам, а сочиняет историю о том, что лишился телефона или денег в результате карманной кражи, грабежа, разбоя, мошенничества или вымогательства. Расстроенные родители отправляются писать заявление в полицию с просьбой найти злоумышленников. Соврав, подросток как бы отводит удар от себя, не зная при этом, что его ложь не так уж невинна. Его действия попадают под статью 306 УК РФ *"Заведомо ложный донос"* и влекут за собой наступление уголовной ответственности.

Очень часто подросток старается доказать себе, да и всему миру, что он не хуже и не слабее других. И поэтому, чтобы не ударить в грязь лицом в компании своих сверстников и доказать, что ему *"не слабо"*, решается попробовать всего одну таблеточку, одну затяжку или один укол. При этом он сам себя утешает тем, что от одного раза ничего не будет и он не привыкнет. Однако наркотическая зависимость для юного организма очень пагубна. Испытав один раз кайф от дозы, организм требует еще и еще. И если за первую дозу *"благодетели"*, предложившие всего лишь попробовать, денег не брали, то за последующие дозы уже нужно расплачиваться. А где взять деньги подростку, у которого нет никаких доходов. Вот тут-то он и переступает черту, отделяющую законопослушного гражданина от преступника. Сначала воруются деньги и ценные вещи в родительском доме, а потом подросток выходит на улицы города, где отбирает сумки и телефоны у прохожих, чтобы расплатиться за очередную дозу. Когда все мысли крутятся только вокруг того, как избежать ломки и раздобыть денег на дозу, уже не чувствуешь себя крутым. Организму нанесен серьезный урон, и требуется огромная сила воли, чтобы выбраться из наркотического омута и больше никогда в него не возвращаться.

Однако, если кто-то слишком настойчиво предлагает попробовать наркотик, знайте, и на него есть управа – статья 230 УК РФ *"Склонение к потреблению наркотических средств или психотропных веществ"*. Наказание по этой статье весьма суровое – лишение свободы на срок от пяти (часть 1) до двенадцати лет (часть 3). Чтобы обезопасить себя, лучше рассказать о таких людях родителям или сотрудникам полиции.

В практике работы правоохранительных органов есть много примеров, когда несовершеннолетние совершают преступления, поддавшись на обещания, уговоры, банальное *"А тебе слабо!"* или угрозы взрослых. Необходимо помнить, что пустые разговоры о романтике преступного мира, преимуществах воровского уклада жизни, уверения о слабости Закона - только красочная ширма, за которой скрывается грязь, насилие, трусость и желание жить за чужой счет. Если подросток испытывает давление со стороны взрослых, попал в зависимость от злоумышленников, надо, отбросив страхи и сомнения, искать помощи у сотрудников органов внутренних дел.

Для лиц, вовлекающих несовершеннолетних в совершение преступлений, систематическое употребление спиртных напитков, одурманивающих веществ, занятия бродяжничеством или попрошайничеством, предусмотрена уголовная ответственность по статье 150 и статье 151 Уголовного кодекса РФ.

## РЕШЕНИЕ

*от 21 июня 2023 года* *№ 3*

### О назначении досрочных выборов депутатов Собрания депутатов муниципального образования «сельсовет Хубарский» Казбековского района

На основании Закона Республики Дагестан от 29 мая 2023 года № 48 *«О роспуске представительного органа сельского поселения, «сельсовет Хубарский» Казбековского района Республики Дагестан»*, в соответствии с частями 3,4.1 и 6 статьи 12 Закона Республики Дагестан от 06.07.2009 года № 50 *«О муниципальных выборах в Республике Дагестан»*, участковая избирательная комиссия № 0553

РЕШИЛА:

1. Назначить досрочные выборы депутатов Собрания депутатов муниципального образования *«Сельсовет Хубарский»* Казбековского района Республики Дагестан восьмого созыва на 10 сентября 2023 года.
2. Опубликовать настоящее решение в районной газете *«Чапар»*.

***Председатель УИК 0553 Исаков А.А.***
***Секретарь УИК 0553 Байханова А.С.***

---

Работники районной администрации выражают глубокое соболезнование руководителю Социального фонда РФ по Казбековскому району Исмаилу Минсултанову в связи с кончиной брата

**Ибрагима.**

Работники Социального фонда РФ по Казбековскому району, учреждений и организаций района выражают глубокое соболезнование Исмаилу Минсултанову в связи с кончиной брата

**Ибрагима.**

Лъайкьеялъул управлениялъул хIалтIухъабаз, Калининаул росдал гьоркьохъеб школалъул коллективалъ ва жив лъалев рукIарал киназго, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго вацазда, яцалда ва тIолалго гIага-божаразда, вац

**ИсмагIил**

гIумруялдаса ватIалъиялда бан.

Аллагьас гьев Алжаналъул агьлулъун гьавеги.

**БетIерав редактор:**
И.Б.Салимханов
55-48-94
**Жавабияв секретарь:**
М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:**
И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева,
М.З. ДавудхIажиев
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А.АтавхIажиева
ва З.ХI ХIасанова
**Фотокорреспондент:**
М.-гI.ХI.ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес:
367032, РД,
МахIачхъала шагьар,
Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1523,
багьа-эркенаб

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**